

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

1.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén:

- a. Buku kumpulan carpon *Lalakon Kadalon-dalon* ngawengku 11 judul carpon nyaéta *Nu Jadi Anjing Di Leuweung Peuting, Lalakon Kadalon-dalon, “Kuring, Awéwé, Atawa Duit”, Wirahma Odé Hujan Nopémber, Nyelang Sawatara Regot Tina Sirop Révolusi, Nu Rugrug Manjing Waktu, Perkara Gedong Di Bumi Rongkéng, Asbak Taneuh, Si Panyajak Oni, Carpon Si Oni, Dalika Raja Kota.*
- b. Dumasar kana ulikan strukturalna, carpon-carpon dina ieu buku miboga téma ngeunaan kahirupan sosial, boh anu kaalaman dina kahirupan rumah tangga, kahirupan budak sakola, kahirupan masarakat, jeung kahirupan barang-barang anu teu biasa dijadikeun tokoh dina carita, saperti kenténg, téhel, asbak, jeung tihang. Galur nu dipaké ku pangarang, ditilik tina kualitas galurna, sakabéhna kaasup galur rapet. Ditilik tina wangun galurna aya hiji galur mobok tengah, salapan galur maju, jeung hiji galur mundur. Sedengkeun ditilik tina unsur galurna, lolobana pangarang teu ngagunakeun tahap *penyelesaian*. Dina puseur sawangan, pangarang maké opat puseur sawangan jalma ka hiji jeung tujuh puseur sawangan jalma ka tilu. Latar tempat nu remen dipaké nyaéta pilemburan, *café*, balé ageung,

Alan Sunda Laksana, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN CARPON
LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

- imah, kamar, kos-kosan, jeung jalan. Sedengkeun latar waktu nu dipaké nyaéta beurang, jam salapan, peuting, wanci lohor, jeung isukna.
- c. Salian ti strukturna, anu diguar deui nyaéta aspék psikologis anu aya patalina antara stimulus jeung réson. Tina hasil analisis kapanggih 10 carpon tokohna dipangaruhan ku kaayaan lingkungan atawa *stimulus berkondisi*, sedengkeun dua carpon séjénna mangrupa *stimulus tak berkondisi*.
 - d. Ditilik tina eusina, aya 7 carpon anu luyu jeung 4 carpon anu teu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran. 7 carpon anu luyu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina neuleuman ma'na carita anu kawilan alus. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé saluyu jeung kompetensi dasar pangajaran maca carpon di SMA kelas XI ngeunaan maham eusi carita jeung analisis kabasaan sarta salisis struktur carita. Ku kituna, ieu bakal jadi pangirut pikeun barudak diajar matéri maca carpon di SMA kelas XI.

5.2 Saran

Tina hasil ieu panalungtikan tangtu masih kénéh loba kahéngkérana. Ku kituna pikeun ngaronjatkeun hasil panalungtikan, ieu di handap aya sababaraha saran nu kudu diperhatikeun.

- a. Pikeun panalungtik saterusna, ieu panalungtikan ukur museur kana struktural jeung psikologi sastra laju dipatalikeun jeung bahan pangajaran wungkul. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan anu ngaguar ngeunaan ajén budaya, jeung ajén atikan.

Alan Sunda Laksana, 2021

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN CARPON LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

- b. Pikeun guru, dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung psikologi dina pangajaran sastra heuseusna pangajaran maca carpon.
- c. Pikeun masarakat, dipiharep jadi pangbibita anu nimbulkeun rasa kataji kana kasusastraan sunda anu satuluyna jadi kapanasaran kana maca karya-karya séjénna.

Alan Sunda Laksana, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN CARPON
LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu